# Ministrler Keńesi Baslıǵı gezektegi jeke qabıllawın ótkerdi

Elimizde xalıqtıń jasaw sharayatın jaqsılaw, puqaralarǵa qolaylı imkaniyatlar jaratıw, olardıń turmısınan kewilli jasawın támiyinlew menen birge mashqalalardıń hár tárepleme úyreniw hám onı nátiyjeli saplastırıw baslı máselege aylanǵan.

Image not found or type unknown

Búgin Ministrler Keńesi Baslıǵı gezektegi jeke qabıllawın ótkerdi. Onda hár qıylı mashqalalar menen kelgen puqaralardıń múrájatları juwapkerler qatnasında tıńlandı hám talqılandı.

Atap aytqanda bántlik, materiallıq járdem, kredit alıw hám turaq-jay qurıw ushın kredit ajıratılıwında ushırasıp atırǵan mashqalalar boyınsha múrájatlar Ministrler Keńesi Baslıǵı tárepinen kórip shıǵıldı.

Image not found or type unknown

Bildirilgen múrájatlar boyınsha tiyisli taraw qánigelerinen maǵlıwmatlar alınıp, hár tárepleme tallaw jasaldı hám unamlı sheshim qabıl etildi.

Image not found or type unknown